



# Avètisman Pos

**SOIL (Sustainable Organic Integrated Livelihoods)** travay an Ayiti pou transfome deche an resous depi 2006. Misyon nou se kore diyite, lasante ak traavy sosyal dirab nan transfomasyon dechè an resous enpòtan pu lanati. Sèvis EkoLakay se yon sevis twalet inovatif ke SOIL lanse depi 2011 nan Okap. EkoLakay genyen pliske 800 kliyan nan zon Kap-Ayisyen ki anrejistre pou sèvis sa epi peye mansyelman pou yon koleksyon ki fasilite tout matye a trete e transfòm nan yon konpòs. SOIL e ekip EkoLakay la genyen objektif pou agrandi sèvis la pou li ka genyen 8000 kliyan pou lane 2025.

<b>Tit Pòs</b>	<b>EkoLakay Chief Operating Officer (COO)</b>
<b>Lokal</b>	<b>Cap-Haitien</b>
<b>Dat Limit</b>	<b>June 7, 2019</b>
<b>Dat Komansman</b>	<b>July 15, 2019</b>

## Rezime :

Se yon pòs ki pral dire 1 a 2 zan ak objektif pou mete sèvis la nan bon wout epi agrandi kapasite ekip la pou asire agrandisman a long-tem. Pos la sipèvize direktman pa Direkte Adjwen SOIL, men li pral travay pwoch a Direkte Rejyonal e Direkte Ekolakay Okap la pou asire ke Ekolakay:

- Atenn oswa depase endikatè pèfòmans pou EkoLakay 2019-20 (ki genyen ladan aspe finansyel ni kalite sèvis)
- Devlope strikti ak kapasite oganizasyonel pou byen agrandi sèvis la a 8000 kliyan nan pwochenn 5 an

## Endikatè Pèfòmans Kle EkoLakay pou lane 2019/20

- Agrandisman sèvis pou rive nan omwen 1,170 kliyan pou mwa Janvye 2020 epi plis ke 2,000 pou fen Desanm 2020.
- Redwiksyon omwen 11% nan kou direk yo pou Janvye 2020
- Redwi to pèdi a yon maksimom 1.5%

## Tach Prensipal

- Modifye epi egzekite estrateji operasyonel EkoLakay la pou asire ke EkoLakay ap atenn objektif ki fikse pou EPK li yo chak sezon
- Travay ak Direkte EkoLakay pou asire ke chak manm ekip EkoLakay Okap la genyen bagay swivan an plas:
  - Evalyasyon pèfòmans regilyè ki baze sou plan daksyon ak EPK pa'l yo
  - Plan devlopman kapasite pou bezwen aktyel ni bezwen fiti pou EkoLakay

- Kontinye devlope yon kilti andedan ekip la ki baze sou rezilta epi ki ankouraje chanjman, asirans de kalite, e sekirite.
- Asire ke tout estanda, pwotokol, pwosedi, e endikasyon travay yo ap swiv, epi modifiye/kreye nouvo pwotokol si genyen bezwen pou asire yon anviwonman travay ki efikas.
- Devlope e egzekite yon plan fomasyon pou Direktè Rejyonal e Direktè EkoLakay ka jere agrandisman yon bon biznis.

## **Kritè**

### **Edikasyon**

- Masters nan Administrasyon Biznis (MBA) oswa eksperyans asosye

### **Ekspetiz**

- Yon lidè ki ka a menm tan pouse ni ankouraje yon ekip divès pandan yon peryod anpil chanjman
- Fò nan kominikasyon ki ka rive jwenn epi motive yon ekip divès ki pa genyen yon konpreyansyon fon de biznis.
- Kapasite pou analiz finansyel nan nivo wo (Pwofi/pèt, kash flow, bilan, elatriye).
- Fò nan planifikasyon e analiz done pou pran desizyon ki baze sou rezilta
- Kapab kowodine e swiv aktivite ak priyorite nan tout aspe yon antrepriz a menm tan
- Eksperyans kom yon antreprenè oswa jesyon biznis nan konteks biznis sosyal
- Fò nan fomasyon ak aprantisaj, kapab aprann lot moun prensip de baz pou jesyon biznis sosyal, lideship, analiz finansyel, elatriye.
- Kapasite wo (ekri, li, pale) byen nan Kreyol Ayisyen ak/ou Franse

### **Eksperyans**

- Omwen 5 lane eksperyans, ak sikse byen dokimante, kom yon lidè operasyon nan yon antrepriz nan sektè lojistik oswa sèvis (an Ayiti ta preferab). Sa ta dwe enkli:
  - Responsablite konple sou pwofi/pèt (P&L)
  - Abitid atenn objektif dapre kalandriye ki fikse pa avan
  - Devlope e egzekite plan operasyonel yo pou atenn objektif estratejik
  - Amelyorasyon kapasite jesyon finansyel
  - Mennen oswa sipevize yon pwogram oswa inisyativ chanjman
  - Abitid pwodwi rapo egzekitif (pou yon Bòd Direktè)

### **Pwosedi Rekrutman**

Pou moun ki enterese nan pòs sa, Direksyon SOIL ap mande kandida voye tout dokiman sa yo pa imèl nan adres [jobs@oursoil.org](mailto:jobs@oursoil.org):

- CV
- 3 referans, omwen yonn (1) nan yo dwe yon referans pwofesyonèl
- 1 lèt motivasyon (an Angle)